



Pwosedir Fonksyonnman Kolèj la

Tit pwosedir a: Pwosedir pou pote plent pou diskriminasyon ak asèlman

Nimewo pwosedir a: 05-0107

Depatman orijinè: Biwo Resous Imen

Otorite espesifik:

Politik konsèy la: 6Hx6 :2.03

Lwa Florid: 1001.64, 1001.65

Kòd Administratif Florid : p/a

Aksyon sou pwosedir a: Adopte: 1/4/10; Revize 1/11/10; 16/4/12

Apwouve:

Direktè Resous Imen

Dat

Konseye jiridik

Dat

Deklarasyon sou objektif la: Pou ofri kèk pwosedir sou fason pou elèv yo, anplwaye yo ak manm kominote Kolèj la pote plent pou swadizan vyolasyon politik 6xH6.2.03 Konsèy Administrasyon Distri a kont diskriminasyon ak asèlman.

Direktiv:

Se politik Edison State College pou l bay elèv yo ansanm ak moun k ap chèche enskri, anplwaye yo ak moun k ap chèche travay, ansanm ak manm kominote Kolèj la yon metòd pou yo pote plent oswa ekspozè pwoblèm yo konsènan diskriminasyon oswa asèlman. Pwosedir sa a pa aplikab pou anplwaye yo anskikonsènan aksyon disiplinè, sispanasyon oswa revokasyon.

Politik sa a aplikab pou tout manm kominote Kolèj la, kit ensidan asèlman oswa diskriminasyon an (yo) y ap konsidere a te rive sou pwopriyete Kolèj la, kit se nan yon aktivite ki gen rapò ak Kolèj la, kit se aleksteryè kanpis la si aktivite a fèt an konbinezon avèk aksyon ki fèt sou kanpis la oswa yon aktivite oswa fonksyon ki gen rapò ak Kolèj la lè konpòtman sa a entèfere avèk travay oswa anviwonman akademik yon moun.

Nan tout lè pandan pwosesis la, Kolèj la rezève dwa li pou l fè investigasyon, pouswiv epi otremman pran dèmezi ki apwopriye an rapò ak tout alegasyon yo rapòte, sou baz fè ak prèv ki disponib yo. Kolèj la gen yon responsablite legal pou l fè investigasyon sou tout plent nan satisfaksyon l. Moun ki rapòte ensidan

ofisye Kolèj la detèmine ensidan sa a se yon vyolasyon politik Kolèj la dwe konprann yo ka fè envestigasyon sou alegasyon yo a nan non tout elèv ak anplwaye Kolèj la kit yo te chwazi ou non pou yo pèsoneyman pouswiv plent lan.

Manm kominote Kolèj la gen obligasyon pou yo koòpere nan tout envestigasyon k ap fèt dapre pwosedi sa a.

Y ap pran plent ki anonim yo oserye byenke li ka difisil pou mennen yon envestigasyon ki pwofon san enfòmasyon ki konplè ki annamoni ak dwa legal tout pati ki enplike yo. Yo paka garanti konfidansyalite men yo pral asire gen konfidansyalite toutlèfwa sa posib.

Li kontrè ak politik Kolèj la pou ankenn moun angaje l swa dirèkteman swa endirèkteman nan fè reprezay kont yon moun ki te pote yon plent pou diskriminasyon oswa asèlman, oswa ki bay enfòmasyon pandan y ap fè envestigasyon sou plent lan. Tout elèv oswa anplwaye, ki kwè yo te fè reprezay kont yo paske yo te pote yon plent oswa yo te bay enfòmasyon pandan yo t ap fè envestigasyon sou yon plent, ta dwe fè Ofisye nan zafè Ekite a.

Se entansyon politik sa a pou ankouraje diskisyon ak rezolisyon konplè pwoblèm yo nan nivo ki pi ba posib epi pou sa fèt san pèdi tan. Kolèj la rekonèt valè ak enpòtans rezolisyon malantandi epi pou mentni bon jan relasyon epi li kwè pwosedi ki pral vini annapre a pral asire plent yo resevwa tout konsiderasyon yo merite.

Pwosedi yo:

1. Rezolisyon plent enfòmèl

- a. Si yon anplwaye, yon elèv, yon moun k ap aplike oswa yon manm nan piblik la kwè yo te yon viktim diskriminasyon oswa asèlman pandan l te fè pati yon pwogram edikasyonèl, pandan l ap fè travay li, pandan pwosesis aplikasyon an, pandan aktivite kolèj la, oswa pandan l t ap itilize etablisman kolèj la, kidonk moun sa a ka pousuiv yon plent enfòmèl avèk administratè ki apwopriye a, dwayen nan oswa pèsonel resous imen an. Objektif plent enfòmèl la se pa pou detèmine si wi ou non te gen yon entansyon pou asele epi/oswa pou fè diskriminasyon men pou asire swadizan konpòtman asèlman epi/oswa diskriminasyon an sispann epi pwoblèm nan rezoud nan nivo ki pi ba posib.

- b. Yo pa pran ankenn mezi disiplinè kont anplwaye yo oswa elèv yo lè y ap rezoud plent enfòmèl. Kidonk, yo pa dwe itilize pwosedi pou plent enfòmèl pou ka asèlman epi/oswa diskriminasyon ki grav, ni nonpli yo pa ta dwe itilize yo lè yo te deja pote plent kont moun yo akize a.
- c. Pa gen obligasyon pou yo itilize pwosedi enfòmèl la anvan yo pote yon plent fòmèl, oswa pou yo mete plent lan alekri anvan yo itilize pwosedi pou plent enfòmèl.
- d. Nan ka asèlman epi/oswa diskriminasyon ki grav oswa nan ka kote yo te deja pote plent pou moun yo akize a, Kolèj la ka mennen yon envestigasyon Kolèj la kreye si genyen yon rezon sifizan pou yo kwè asèlman epi/oswa diskriminasyon te ka egziste oswa egziste toutbonvre.
- e. Yon plan daksyon inisyal pou nenpòt elèv, manm fakilte oswa manm pèsonèl la ki kwè li se viktim asèlman oswa diskriminasyon, se pou moun sa a di oswa enfòmèl moun li akize a konpòtman sa a pa byenveni, oswa konpòtman sa a ofansiv epi li dwe sispann.
- f. Sepandan, si moun nan pa konfòtab pou l fè fas ak sitiyasyon sa a nan fason sa a oswa konpòtman ofansiv la kontinye, moun nan ka chèche asistans nan men yon administratè Kolèj la, tankou dwayen yo, chèf depatman yo, oswa direktè a, resous imen (ofisye nan zafè ekite).
- g. Nan pwosedi plent enfòmèl la, administratè a ka ede rezoud pwoblèm nan defason enfòmèl oswa pote pwoblèm nan devan dwayen elèv yo (plent elèv pote) epi/oswa devan ofisye nan zafè ekite pou egzamen ak rezolisyon fòmèl.
- h. Si pa gen rezolisyon aprè pwosedi plent enfòmèl la, moun ki pote akizasyon an ka pote yon plent fòmèl.
- i. A nenpòt moman nan pwosesis sa a, ofisye nan zafè ekite a oswa moun li deziye a ka vin enplike antank yon tyès pati san patipri.

2. Rezolisyon plent fòmèl

- a. Moun ki ka pote yon plent: Anplwaye, moun k ap aplike pou jwenn travay, moun k ap aplike kòm etidyan nan pwogram Kolèj la, elèv, patisipan nan aktivite Kolèj la patwone, ak lòt moun ki afilye avèk Kolèj la.

- b. Lè pou pote plent lan: Si moun k ap pote plent lan se yon elèv, oswa yon moun k ap aplike kòm etidyan, moun k ap pote plent lan dwe pote yon plent fòmèl devan dwayen elèv yo nan yon delè 90 jou apati dat ensidan an te rive. Si moun k ap pote plent lan se yon manm fakilte oswa manm pèsònèl la, oswa yon moun k ap aplike pou yon pòs, moun k ap pote plent lan dwe pote yon plent fòmèl devan ofisye nan zafè ekite a nan yon delè 30 jou apati dat ensidan an te rive. Yo pral pwolonje dat limit pou pote plent lan jiskaske gen yon rezolisyon nan pwosesis pou plent enfòmèl la.
- c. Kondisyon pou pote yon plent: Chak plent dwe genyen bagay ki pral site anba a:
- i. Non ak adrès konplè moun ki pote plent lan, ki dwe se moun ki viktim swadizan asèlman epi/oswa diskriminasyon an.
 - ii. Non konplè moun yo akize a.
 - iii. Yon deklarasyon ki klè epi ki brèf sou enfòmasyon ki konstitiyè swadizan konpòtman asèlman epi/oswa diskriminasyon an, san wete dat enpòtan ak enfòmasyon sifizan pou idantifye nenpòt lòt moun ki ka bay enfòmasyon pandan y ap mennen envestigasyon an.
 - iv. Yon deklarasyon moun k ap pote plent lan fè ki pou verifye enfòmasyon ki sipòte alegasyon an se laverite epi li egzat dapre sa moun k ap pote plent lan konnen.
 - v. Enfòmasyon ki etabli ni moun k ap pote plent lan ni moun yo akize a genyen yon relasyon avèk Kolèj la ki sifizan ki nesesite aplikasyon politik ak pwosedi Kolèl la.
 - vi. Entèvyou pou kolekte enfòmasyon. Nan yon delè senk (5) jou ouvrap aprè moun k ap pote plent lan pote yon plent fòmèl, asistan vis-prezidan, zafè elèv/dwayen elèv yo (plent elèv pote) oswa ofisye nan zafè ekite a oswa moun li deziye pral fè yon entèvyou avèk moun k ap pote plent lan.
- d. Tretman plent lan:
- i. Nan ka kote se yon elèv ki pote plent, asistan vis-prezidan, zafè elèv yo pral avize ofisye nan zafè ekite a konsènan tout plent fòmèl li resevwa imedyatman aprè l fin fè entèvyou pou kolekte enfòmasyon an.

- ii. Ofisye nan zafè ekite a, an konsiltasyon avèk Konseye Jiridik Kolèj la, pral detèmine kiyès ki pral mennen investigasyon an. Si yo ta bezwen yon investigatè ki pa afilye ak Kolèj la, ofisye nan zafè ekite a oswa moun li deziye a pral dirije investigasyon an
 - iii. Investigatè (yo) pral fè yon rapò alekri pou l voye bay ofisye nan zafè ekite a nan yon delè 30 jou ouvrab apati dat yo te pote plent fòmèl la. Si ofisye nan zafè ekite a sèvi kòm investigatè, kidonk li pral fè yon rapò alekri voye bay Konseye Jiridik Kolèj la nan yon delè 30 jou ouvrab apatid dat yo te pote plent fòmèl la. Yo ka pwolonje peryòd tan sa a lè yo voye yon notis bay moun ki pote plent lan ak moun yo akize a.
 - iv. Rapò investigatè a pral souliye dekouvèt investigatè a epi li pral endike si wi ou non gen yon rezon valab pou yo kwè asèlman oswa diskriminasyon te rive dapre prèv yo jwenn nan. Rapò a ka rekòmande pou Kolèj la pran kèk mezi ki apwopriye.
 - v. Nan yon delè dis (10) jou ouvrab apre ofisye nan zafè ekite a fin resevwa rapò a, li pral pran yon desizyon alekri pou detèmine si Kolèj la dakò avèk konklizyon investigatè a epi si gen lòt aksyon ki nesesè. Si se ofisye nan zafè ekite a ki te dirije investigasyon an, kidonk Konseye Jiridik la pral pran yon desizyon alekri pou note si Kolèj la dakò avèk konklizyon investigatè a epi se gen lòt aksyon ki nesesè. Ofisye nan zafè ekite a oswa Konseye Jiridik la, si sa aplikab, genyen dwa pou aksepte oswa rejte oswa mande pou yon lòt investigasyon fèt lè l ap egzamine rapò investigatè a.
 - vi. Ofisye nan zafè ekite a ansanm ak investigatè ki deziye a pral bay ni moun ki pote plent lan ni moun yo akize a opòtinite pou yo rankontre separeman pou diskite sa yo dekouvri nan investigasyon an. Apre yo fin enfòme moun ki pote plent lan ak moun yo akize a konsènan desizyon an, yo pral prezime yo aksepte desizyon Kolèj la, epi sa pral tèminal pwosesis rezolisyon plent fòmèl la, amwenske omwen youn ladan yo chwazi pou fè apèl a desizyon an.
- e. Apèl: Pwoblèm yo soulve nan apèl pral limite a pwoblèm ki te soulve pandan investigasyon an. Tout pwoblèm ki pa t diskite nan investigasyon an oswa nouvo pwoblèm yo te ka soulve men ki pa t fèt, paka fè pati pwosesis apèl la.
- i. Si moun k ap pote plent lan oswa moun yo akize a vle soumèt yon apèl, apèl la dwe fèt alekri bay direktè resous imen an nan yon delè sèt (7) jou sivil apre yo fin resevwa desizyon Kolèj la jan sa endike nan (5)(v.) anwo a.

ii. Nan yon delè trant (30) jou ouvrab aprè yo fin soumèt apèl la, Vis-prezidan an, Zafè Elèv yo ak Jesyon Enskripsyon (pou pwoblèm ki gen rapò ak elèv) oswa Vis-prezidan, Sèvis Administratif (pou pwoblèm ki gen rapò ak travay oswa lòt pwoblèm kominote a) pral egzamine rapò investigasyon an ak dokiman apèl yo epi yo pral pran yon desizyon ki swa sipòte swa rejte premye rekòmandasyon an

iii. Nan yon delè sèt (7) jou sivil aprè yo fin resevwa desizyon sou apèl la jan sa endike anwo a nan (e)(ii), ni moun ki pote plent lan ni moun yo akize a ka fè apèl a desizyon Vis-prezidan an, Zafè Elèv yo ak Jesyon Enskripsyon oswa Vis-prezidan Sèvis Administratif prezidan an oswa moun li deziye a. Dezyèm apèl sa a dwe ale devan direktè resous imen an epi li dwe fèt alekri. Prezidan an pral egzamine rapò investigasyon an ansanm ak dokiman apèl yo epi pran yon desizyon ki swa sipòte desizyon an oswa rejte desizyon an. Prezidan an ka bay moun li deziye a enstriksyon pou apèl sa a se yon apèl final. Desizyon prezidan an oswa moun li deziye a se yon desizyon final epi yo dwe pran desizyon sa a nan yon delè senk (5) jou ouvrab aprè yo resevwa dènye apèl sa a.

iv. Prezidan an **ka** dirije tout aksyon ki nesesè pou pwoteje sante, sekirite ak byennèt Kolèj la.